

**SANTANS TRIBINAL ETIK FEMINIS**  
**KONT POLITIK EKSPLWATASYON**  
**KAPITALIS, RASIS AK PATRIYAKA G20**

Jou ki te 29 novanm lan, sou Plaza del Congreso, Tribunal Etik Feminis kont politik eksplwatasyon kapitalis, rasis ak patriyaka G20 te reyini 1 jou avan kòmansman rankont G20 nan Buenos Aires.

Se Nora Cortiñas, manm Madre Plaza de Mayo Linea Fundadora, ak yon jiri ki genyen fanm k ap dirije divès òganizasyon politik, akademik ak mouvman sosyal nan kontinan amerik la ki te inogire Tribunal la. Pandan entèvansyon yo, te genyen anpil plent kont krim k ap fèt sou fanm, lesbiyèn, transeksyèl, travesti, travayèz, peyizàn, nègès, pèp endijèn, migran yo. Nou p ap kapab fin site tout krim yo paske yo anpil. Yo montre aklè relasyon debalanse pouvwa nan lemonn.

Odyans lan te òganize ak egzanp konkrè ki te repati sou 3 aks:

1. Fachis yo ki anvayi Amerik Latin lan.
2. Defans teritwa ak lit kont ekstraktivis
3. Mouvman migratwa yo. Fanm ak lòt vizyon sou sèks migrasyon kapab pote.

Nan Santans sa, manm Jiri yo, ki fè pati Tribunal Etik Feminis Popilè a, nou **kondane** politik G20 an, aprè nou fin tandé ak tout kè nou plent fanm vanyan, konbatan, saj, k ap reziste ak kò yo, nan lide pou batay anfavè yon lòt mond, fanm yo bay lavi yo pou defann teritwa yo, kominate yo, katye yo, latè, dlo, semans, lavi.

**PLENT YO:**

Nan odyans tribinal la:

- Fanm yo **pote plent** kont mepri Leta demokratik yo ki refize satisfè dwa fondalnatal nan nivo politik, sosyal, kiltirèl ak religye pèp nou yo.
- Fanm yo **pote plent** kont dét FMI yo ki kòmanse depi nan peryòd diktati, keseswa Ajantin oubyen lòt peyi. Lajan ki prete yo te depanse nan achte zám pou maspinen prizonye ak disparèt moun. Neyoliberalis la bezwen diktati pou kapab fè mache nwa. Se poutèt sa, nan nouvo etap sa, yo itilize koudeta.
- Fanm yo **pote plent** kont ladwat fachis, rasis, mizojin ak neyoliberal la ki rive nan pouvwa atravè koudeta lejislatif, egzekitif, jidisyè ak medyatik. Atravè fo pouvwa sa yo, gouvènman ladwat yo bay yon aparans legal, sa ki jistifye oubyen nòmalize opresyon, eksplwatasyon, asasinay epi rive tabli yon Leta teyoris.
- Fanm yo **pote plent** kont G20 ki fè pati yon “Plan lanmò” ki genyen FMI, Bank Mondyal ak OMC. Misyon enstitisyon sa yo se kenbe pèp nou yo nan malsite. Moun ki kont politik neyoliberal yo sibi zak asasinay, kriminalizasyon, jijman san prèv poutèt yo leve vwa yo kont inegalite estriktirèl sistèm patriyaka, rasis sosyete klas la kreye a. Politik G20 yo agrave sitiayson inegalite anndan peyi

yo epi ant peyi yo, kote moun pòv yo ap viv nan bidonvil, nan lari, san lojman sosyal ak prezans militè sou teritwa nou, nan lavi nou epi nan lespri nou.

- Fanm yo **pote plent** kont politik G20 an, ki pa afekte fanm ak pèp yo nan nivo ekonomik sèlman, men tou ki se yon dividal politik Leta ap aplike k ap detwi lavi sou planèt la, lanati, kò fanm yo, afwodesandan yo, endijèn yo, migran yo, peyizàn, nègès, travayèz, lezbyèn, travesti, transeksyèl. Kwasans ekonomik yo itilize pou sove bank yo, bidjè inivèsite ap diminye, kominate yo pa genyen sèvis. Politik G20 yo mete aksan sou valè echanj ki chita sou mepri, akseptasyon vvolans ak lanmò tankou bagay nòmal.
- Fanm yo **pote plent** kont Leta kriminèl yo k ap travay pou antrepriz transnasyonal ki se pwopriyetè gwo kapital k ap sikile nan lemonn; k ap masakre pèp nwa ak pòv k ap viv nan zòn ki anviwonan lavil yo; k ap fè dappiyang sou tè peyizan ak peyizàn; k ap konbat kilti popilè yo, kò ak teritwa pèp yo. Fanm yo pran peyi Brezil pou egzanp kote Leta kriminèl la touye: Marielle Franco, jenn nègès feminis, lesbyèn, sosyalis, defansè dwa moun; 4 jenn nwa ki jwenn lanmò yo nan vil Rio Janeiro; Claudia Silva (yo te asasinen nan lane 2014); Rafael Braga (ki nan prizon poutèt yon zàm). Tout moun sa yo se jenn nèg ak nègès k ap viv nan bidonvil. Nan peyi Kolonbi tou, Leta ap fè yon jenosid kont pèp nwa yo. Yo di moun nwa pa genyen okenn valè. Leta ekskli pèp nwa yo nan politik sosyal yo. Nan peyi Ajantin, fanm yo denonse moun k ap vòlè ti bebe ki fèk pran nesans nan kominate kote moun po nwa ap viv, epi pèsekisyon sistematik travayèz ak travayè k ap vann nan lari yo, egzanp travayè migran ki soti nan peyi Senegal.
- Fanm yo **pote plent** kont kriminalizasyon ak politik pou mete jenn nwa nan prizon nan peyi Brezil ak lòt peyi nan kontinan an.
- Fanm yo **pote plent** kont peyi Brezil k ap fè kanpay pou kriminalize reliyon ki genyen rasin nan Lafrik.
- Fanm yo **pote plent** kont peyi G20 yo k ap aplike novo estrateji jenosid kont pèp endijèn yo, kominate y ap viv ak lidè yo.
- Fanm yo **pote plent** kont kriminalizasyon mouvman feminis la ak lit sosyal yo, nòmalizayon vvolans k ap fèt sou fanm, kwasans feminisid, rasis estriktirèl enstitisyon yo.
- Fanm yo **pote plent** kont estrateji pou rann viktim yo koupab, espesyalman lè se yon fanm, lesbyèn, travesti, transeksyèl, menm si se yo menm ki mouri. Lajistis kite kriminèl yo viv nan enpinite, kote yo jwenn akonpayman epi y ap chèche mwayen pou jistifye krim lan sou pretèks se viktim yo ki lakòz, tankou sa pase nan peyi Ajantin ak Lucia .
- Fanm yo **pote plent** kont plizyè santèn defansè latè ak kominate yo ki oblige deplase pou kite teritwa ak kominate yo paske y ap sibi menas lanmò ak tout lòt kalite presyon (egzanp Lolita Chávez nan peyi Guatemala).
- Fanm yo **pote plent** kont sistèm kapitalis patriyaka a k ap detwi lavi nan zòn riral yo. Transnasyonal yo detwi teritwa yo ak tout sa peyizan-àn yo plante. Fanm yo pran egzanp peyi Brezil ki vote lwa kont avòtman, men ki otorize antrepriz transnasyonal yo itilize 12 lit pwazon agwotoksik pou chak abitan, sa

ki lakòz ti bebe fèt tou andikape, avòtman espontane, maladi kansè, elatriye. Sistèm kapitalis patriyaka a kriminalize pwodiksyon agwoekolojik peyizan pou otokonsomasyon ak sibzistans.

- Fanm yo **pote plent** kont wòl kriminèl Bayer, Monsanto, Benetton ak anpil lòt antrepriz transnasyonal ki privatize semans, okipe teritwa yo, kontaminen larivyè yo ak latè epi ki konplis nan militarizasyon ak represyon sou kominate endijèn ak peyizan yo.
- Fanm yo **pote plent** kont fwontyè yo ki tounen yon zouti jewopolitik. Yo pran egzanp karavàn migran an k ap chèche kolektivman yon lavi diy. Migran yo se moun ki pèdi tout sa yo te posede, yo se viktim k ap viv nan sitiyasyon difisil aprè aplikasyon politik ekstraktivis leta teworis yo. Migrasyon pa yon aza, se konsekans fonksyonman sistèm kapitalis rasis patriyaka a. Kounye a se fanm ak timoun ki pran wout migrasyon. Migrasyon kolektif la pèmèt yo sòti nan klandestinite epi pwoteje tèt yo. Malgre kriminalizasyon karavàn lan, migran yo kontinye wout la paske yo renmen lavi.
- Fanm yo **pote plent** kont chanjman nan politik migratwa Ajantin ki afekte negativman kominate migran yo, espesyalman fanm, epi ki limite posibilite pou migran yo mennen yon lavi nan diyite. Leta Ajantin vyole dwa migran yo, tankou dwa pou genyen yon idantite, yon sistèm sante, jwenn edikasyon, dwa travay yo epi dwa libète lapawòl.
- Fanm yo **pote plent** kont Dekrè bezwen ak ijans, DNU 70 nan lane 2017 nan peyi Ajantin, ki asosye migrasyon ak deli, nan lide pou kriminalize migrasyon. Genyen avètisman ki bay sou desizyon Leta pran pou finanse fabrikasyon nouvèl teknoloji pou kontinye pèsekite epi depòte migran yo.
- Fanm yo **pote plent** kont G20 paske y ap fè pwomosyon pou vòlè byen malere epi bay machandiz plis valè pase lavi moun, y ap militarize fwontyè yo, y ap fè represyon sou migran yo chak jou, y ap diyabolize moun ki deklare pa dwe gen fwontyè pou moun sikile. Politik G20 yo pèmèt sikilasyon machandiz libelibè, men yo mete baryè pou anpeche moun sikile. Se Leta k ap deside kiyès ki sitwayen sou teritwa l, se kòmsi tout moun pa genyen dwa ak yon nasyonalite. Y ap fè pwomosyon pou ranfòse santiman nasyonalis kont migran, zenofobi epi fèmti fwontyè yo.
- Fanm yo **pote plent** kont politik entèvansyonis Etazini kont Venezyela, menas san rete yo, blokis pèp venezyelyen an ap sibi nan lide pou toufe Revolisyon Bolivaryèn lan.
- Fanm yo **pote plent** kont anpil peyi nan kontinan an ki pibliye lwa ki deklare avòtman ilegal, sa lakòz anpil fanm ap mouri. Yo denonse ka Imelda, nan peyi Salvadò, ki t ap viktim vyolans seksyèl sistematikman depi 1 te genyen 12 lane, anba men bòpè li ki genyen 70 lane. Imelda pral jije pou avòtman klandesten. Fanm yo denonse Leta Salvadò ki mete 22 fanm nan prizon poutèt yo tonbe anba akizasyon avòtman.
- Fanm yo **pote plent** kont gouvènman fachis Erdogan lan, ki se responsab masak sou fanm ak pèp Kurde la, atak militè nan vil kote pèp Kurde la ap viv, espesyalman vil Afren k ap sibi atak depi kòmansman ane sa a. Fanm yo

denonse masak, pèsekisyon, eskadwon lanmò kont lidè, esklavaj fanm pèp Kurde la ap sibi.

- Fanm yo **pote plent** kont ekpilsyon ki fèt nan peyi Nikaragua kont feminis Ana Quiroz, ki se yon defansè dwa fanm ak edikatè popilè.
- Fanm yo **pote plent** kont lajistis miwomiba nan peyi Onndiras, espesyalman blokaj Tribunal ak Gouvènman an pou anpeche jije epi kondane otè entèlektyèl krim Berta Cáceres la: se fanmi Atala, pwopriyetè antrepriz DESA ki komèt krim lan.
- Fanm yo **pote plent** kont enpinité nan peyi Ajantin aprè desizyon lajistis ki chwazi klase sanswit ankèt sou krim kont Santiago Maldonado a. Fanm yo pote solidarite pou fanmi Santiago Maldonado.
- Fanm yo **pote plent** kont enpinité nan peyi Ajantin pou krim ki fèt sou Lucía Pérez epi yo apiye grèv general Fanm, Lesbyèn, Travesti, Transeksyèl jou ki te 5 jiye a.

Tribinal etik feminis la deklare:

**Nou kondane politik ak lidè G20 yo.** Jodi a, chèf Leta peyi sa yo reyini pou kore estrateji ak politik lanmò G20 an. Se yon rankont k ap chèche enpoze yon modèl lavi ki marye ak mòd òganizasyon pouvwa nan lemonn, ki nan benefis yon sektè k ap fè lajan fè tiyon sou do majorite pèp yo, ki rann moun vin pi pòv epi k ap detwi lanati. Lojik politik G20 an baze sou: piyay k ap fèt sou byen komen peyi k ap sibi eksplwatasyon yo, dappiyant k ap fèt sou tè kominote endijèn yo, kontaminasyon rivyè yo, deforestasyon, efè negatif agwobiznis yo, pwosesis destriksyon ledikasyon ansanm ak lasante, travay pou pran swen moun ki sou responsabilite fanm paske divizyon seksyèl travay la enpoze sa, envizibilizasyon travay domestik yo poutèt se fanm k ap fè travay sa a. Men tou politik G20 an baze sou militarizasyon tout dimansyon lavi, kriminalizasyon povrete, anprizonnen moun k ap manifeste.

**Nou kondane** alyans kriminèl, pèvèti, eskadwon lanmò, ki fèt ant kapital, patriyaka epi kolonizasyon panse, ki se baz pou enpoze politik G20, TLC, FMI, OMC kap mache men nan men ak antrepriz transnasional yo epi k ap aji nan konplisite ak gouvènman nan kontinan an. Se yon nouvo akò kolonyal k ap kontinye detwi lavi sou planèt la, fèjenosid epi feminisid. Se yon nouvo akò anfavè gwo zouzoun ki genyen anpil kapital epi ki genyen enterè nan fè pwemosyon estraktivis, piyay sou tout resous ki pèmèt pèp yo viv nan diyite, sa ki reprezante yon menas pou tout pwojè ki bay pèp yo lespwa, ki vize devlope teritwa pòv yo, ki vize ranfòse aksyon pèp yo, nasyon yo ak peyizan yo ap poze nan tèt ansanm.

**Nou kondane** kanpay manti laprès ansanm ak gouvènman epi antrepriz yo k ap bay moun fo lespwa chak fwa y ap repeète mo « devlopman ». Politik peze souse nan fè gwo pwofi sou do travayè ak akimilasyon kapital pa gen anyen pou wè ak bezwen pèp yo, popilasyon k ap viv nan ti teritwa yo plis sibi konsekans politik sa yo. Y ap chèche fè nou pèdi otonomi sou kò nou, souverènte nan pwodiksyon semans nou epi sou teritwa zansèt nou yo. Pou rive fè n pèdi tout sa nou posede, yo militarize teritwa ak fwontyè nou yo, epi yo deklare lagè kont kò fanm, lesbyèn, travesti, transeksyèl. Estrateji a se

tabli lapèrèz, fè menas, fòse moun aksepte sa yo vle, teworize moun, touye moun k ap reziste oubyen k ap goumen kont plan lanmò a. Yo itilize tout estrateji pou anpeche fanm, peyizan, endijèn, etidyan, awfodesandan ak travayèz yo genyen bon relasyon anndan kominote yo, yon fason pou anpeche nou makonnen fòs pou mennen lit anfavè souverènte teritwa k ap sibi eksplwatasyon yo.

Nou menm fanm, nou pa dakò politik sa yo, pwopozisyon nou yo soti nan pratik zansèt yo epi se yon fòm rezistans ki vize defann lavi. Feminis la se yon pwopozisyon etik, politik epi se yon lòt mòd lavi. Nou chwazi pou n viv, fòk nou viv byen. Nou konnen kòman pou n viv byen. Depi plis passe 500 lane, fanm fè pati pèp ki t ap viv sou teritwa Abya Yala, nou deja konn kòman pou n viv byen. N ap fè konnen nou la toujou. Nou p ap bay legen : nou konn kòman pou n reziste epi genyen fachis yo nan batay la, n ap genyen viktwa kanmenm.

Yo deklare lagè kont fanm, lesbyèn, transeksyèl, travesti, kominote yo ak lanati. Nou deside goumen san pran souf kont kapitalis transnasyonal la. Nou deklare se nou menm fanm ki se pwotektè lavi sou planèt la : okenn kò, okenn teritwa pa pou vann. N ap pwoteje epi n ap defann yo.

Nou egzije reparasyon pou domaj pèp yo, fanm yo ak tifi nou yo sibi. Nou egzije bon jan politik piblik ki vize pwoteje lavi.

Nou vle yon mond san fwontyè ak sitwayènte inivèsèl. Pa genyen okenn moun ki ilegal. Nou se kò, teritwa ak kominote.

Feminis yo patisipe nan tout batay ki fèt nan listwa limanite. Nou se yon rezo entènasyonalis ki prezan nan tout teritwa yo. N ap reflechi epi n ap chèche altènativ, n ap reflechi pou n rive tabli yon sistèm lajistik feminis popilè san fòs kote. N ap pwofite salye egzanp revolisyon fanm Kurde yo ki kreye yon kominote fanm ki pote non Jinwar, n ap fè yo konnen, n ap mennen menm batay la.

Feminis se yon mouvman popilè, antikapitalis, antipatriyaka, antirasis. Feminis se revolisyon. Feminis otantik sa a, ki pran nesans nan Abya Yala, ki chanje lavi nou, kominote nou, kontinan nou an, ap toujou plirinasyonal, granmoun tèt li, tabli sou yon teritwa, si nou pèdi karakteristik sa yo, nou p ap feminis otantik. Yo vle nou genyen lapèrèz, soumèt anba lòd yo, obeyisan, pòv, eksplwate epi fè silans. Men, revolisyon feminis sa ap rete pou lavi, nou p ap bay legen.

Buenos Aires, 30 novanm 2018.

Tribinal Etik Feminis kont politik eksplwatasyon kapitalis, rasis ak patriyaka G20